

# Fason pou jwenn Èd pou Chanjman nan Po

*Getting Help for Skin Changes - Haitian Creole*

Kansè ak tretman kansè kapab lakòz chanjman nan po tankou gratèl, po seek, chanjman nan koulè ak demanjezon.

Chanjman nan po se pati repons nòmal kò ou nan tretman an. Si ou vin gen chanjman nan po ou vit anpil pandan w ap pran yon medikaman ki itilize pou trete kansè ou, chanjman yo kapab se yon siy ki endike ou fè alèji avèk medikaman an.

Li enpòtan anpil pou fè doktè ou oswa enfimyè ou konnen nenpòt chanjman ou genyen nan po ou. Si chanjman yo pa trete yo kapab vin grav epi kèk ladan yo ta ka lakòz ou gen enfeksyon.

## Ki chanjman komen mwen ta dwe siveye sou po mwen?

**Gratèl** se yon efè segondè komen kèk tretman pou kansè lakòz ou genyen. Risk pou gen gratèl ak fason li grav depannde kalite kansè ou genyen ak kalite tretman w ap swiv la. Gratèl yo kapab parèt nan po tèt ou, figi ou, kou ou, pwatrin ou anlè do ou, epi pafwa nan kèk lòt pati kò ou. Yo kapab ba ou demanjezon, brili, yo kapab pike ou, oswa yo kapab ba ou doulè.

**Po sèk** se yon lòt efè segondè kèk tretman ap lakòz ou genyen. Po a kapab vin sèk anpil, li kapab fè kal, li kapab anfle, li kapab vin wouj.

Epi pafwa li bay doulè. Li ka menm fann. Sa kapab rive poukont li oswa avèk yon gratèl. Po sèk kapab lakòz ou gen demanjezon.

**Ou kapab gen demanjezon** akòz kèk kansè, tretman pou kansè, medikaman ou itilize pandan w ap swiv tretman pou kansè a, po sèk, gratèl, oswa enfeksyon. Si ou grate po ou anpil sa kapab po a senyen oswa vin enfekte, sitou si po a fann.

**Ou kapab gen sendwòm men-pye** (Hand-foot, syndrome, HFS) akòz anpil medikaman tretman kansè. Doulè, sansiblite, pikotman, ak pèt sansasyon se premye sentòm HFS. Answit, kote ki wouj ak anfle ap kòmanse nan plamen ou ak nan semèl pye ou. Kote ki wouj sa a sanble anpil avèk brili solèy epi li ka vin zanpoud. Nan move ka yo, zanpoud yo kapab louvri epi yo kapab vin blesi. Po a kapab vin sèk, detache, ak fann.

**Ou kapab gen chanjman nan koulè po ou** kòm yon efè segondè kèk tretman kansè, kwasans timè, oswa lòt ou nan solèy. Kèk chanjman koulè ka vin pi bon apre yon peryòd tan. Lòt chanjman koulè yo ka dire plis tan.

2 aksyon ki pi enpòtan ou kapab fè se pran swen po ou byen epi fè doktè ou konnen touswit nenpòt chanjman ou ka genyen nan po ou.

## Sa ou kapab fè pou ede evite oswa kontwole chanjman yo nan po ou

- Bwè anpil fliyid si doktè ou di pa gen pwoblèm pou fè sa.
- Itilize savon dou, lavaj kò, chanpou, losyon, ak krèm ki pa gen alkòl, pafen oswa tenti. Mande pwodui oswa mak komèsyal ou ta dwe itilize.
- Lave men ou avèk dlo frèt pa dlo cho. Pase tan kout nan douch, epi tape kò ou asèk avèk yon twal olye ou fwote po ou.
- Idrate po ou pandan jounen nan. Pi bon Moman pou fè sa se apre lè ou benyen, pandan po ou toujou imid.
- Raze kò ou mwen souvan, oswa sispann raze kò ou si po ou irite. Yon razwa elektrik kapab ede anpeche ou blese lè w ap raze po ou.
- Pa itilize detèjan lesiv ki gen sant fò.
- Rete lwen solèy la otank posib. Si ou pral soti deyò, itilize bom lè ak krèm solèy ki gen yon SPF omwen 30. Mete rad ki gen manch long ak yon chapo tou.

## Pi bon sa ou kapab fè nan chanjman po ou

- Pa trete po ou avèk medikaman san preskripsyon anvan ou pale avèk ekip swen sante ou.
- Semèl jèl pou soulye ka ede ou si semèl pye ou sansib.
- Kèk mak komèsyal makijaj kapab kouvri gratèl la san yo pa fè li vin grav. Mande ki pwodui oswa mak komèsyal ou kapab itilize.
- Ou santi ou pi byen souvan avèk rad mou, lache pase rad sere.
- Pa pase tan deyò nan tan ki twò cho oswa ki twò frèt.
- Si doktè ou ba ou medikaman, itilize yo nan fason li di ou epi kòmanse itilize yo touswit.

## Pale avèk ekip swen sante ou

Anpil chanjman nan po kapab trete, epi gen aksyon ou kapab fè pou eseye evite yo. Fè ekip swen kansè ou konnen chanjman po ou genyen. Fè yo konnen lè ou remake chanjman yo ak sa ki fè chanjman yo vin grav oswa soulaje. Chanjman nan po a kapab epi ta dwe trete san pèdi tan.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



Every cancer. Every life.

HAITIAN CREOLE  
©2022, American Cancer Society, Inc.  
No. 214300 Rev. 10/22

Modèl nou itilize yo se pou objektif pou bay egzanp sèlman.



bbb.org/charity